

BAB I BUBUKA

1. Kasang Tukang Panalungtikan

Jawa Barat minangka salah sahiji provinsi di Indonésia anu beunghar ku kabudayaan tradisionalna. Nurutkeun Atsar (2017. kc, 285), kabudayaan tradisional mangrupa budaya atawa adat kabiasaan anu dipiboga ku sararéa. Salian ti éta, nurutkeun Utomo, spk, (2019. kc, 77) kabudayaan tradisional téh mekar tina ayana adat istiadat nu aya di hiji tempat nu geua aya ti jaman baheula. Ku kituna, kabudayaan téh teu leupas jeung manusa, sistem kaagamaan, kasenian, pakasaban ogé sistem téknologi jeung kamekaran jaman. Tapi, beuki maju jeung modérnna jaman kabudayaan lokal téh ayeuna mah kalindih ku budaya deungeun. Malahan mah nonoman ayeuna leuwih mikaresep budaya deungeun ti batan kabudayaanna sorangan. Alatan kitu, loba kénéh kabudayaan atawa kasenian anu can dipikanyaho ku para nonoman di jaman ayeuna (Agustin, 2011. kc, 32).

Kabudayaan sifatna dinamis, kabudayaan ieu kudu terus ngalaman parobahan sarta pangwangunan nuturkeun jaman. Kasenian ogé mangrupa kabudayaan anu masih kénéh dimumulé nepi ka kiwari. Kasenian minangka naon waé anu jadi seni jelema, sedengkeun seni nyaéta kakuatan atawa kamampuh jelema pikeun nyiptakeun kaéndahan sarta kaweruh (Danadibrata, 2009. kc, 629). Salah sahiji kasenian di Jawa Barat anu masih kénéh hirup nyaéta kasenian terbang buhun.

Nurutkeun *Kamus Basa Sunda* Danadibrata (2015. kc, 695), terbang atawa terebang nyaéta tatabeuhan saperti dogodog, ari kaluwungna dijieun tina puhu tangkal kalapa nu di jero tanéuh. Bangunna saperti dogdog, pané atawa genjring, aya nu gedé jeung aya ogé nu leutik. Sedengkeun kecap buhun murutkeun *Kamus Basa Sunda* Danadibrata (2015. kc, 109), buhun nyaéta cara-cara baheula anu ayeuna geus teu diparaké deui. Ku kituna bisa disebutkeun yén terbang buhun mangrupa tatabeuhan jaman baheula anu ayeuna geus langka ditabeuh.

Terbang buhun mangrupa salah sahiji seni pintonan nu aya di sababaraha tempat Jawa Barat. Terbang buhun ogé miboga landian nu béda ti unggal daérahna saperti terbang gedé, terbang gebes, terbang ageung, jrrd.. jaman baheula, kasenian terbang téh biasa sok dipaké jalan pikeun média dakwah Islam ngaliwatan pupujian nu biasa dihaleuangkeun salila pagelaran kasenian terbang buhun. Terbang buhun ogé dianggap miboga ajén spiritual jeung hal mistis di jerona. Ku kituna, terbang buhun sok biasa dipaké nalika aya upacara ngaruwat saperti ngaruwat anak, ngaruwat bumi, jrrd.. Nalika ditabeuhna ieu kasenian terbang buhun, biasana sok aya sasajén nu disadiakeun pikeun tanda hormat atawa rasa sukur nu karasa ku masarakat. (Kurnia, G. Nalan, S. spk. 2003. kc, 37).

Kasenian Terbang buhun Pusaka Sawargi mangrupa salah sahiji kasenian tradisional anu aya di kampung Salamungkal, Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung. Kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi ieu minangka salah sahiji pintonan buhun anu ngadumaniskeun seni musik, seni tari, jeung seni sora. Pintonanna dimimitian ku ditabeuhna sarupaning waditra ogé lagu khas saperti *Kidung Pusaka Sawargi*. Éta lagu téh dihaleuangkeun pikeun muka ieu pintonan. Tuluy, disusul ku sindén anu ngawihkeun lagu-lagu buhun saperti *Wangsit Siliwangi*, *Kembang Gadung*, *Leungiteun*, *Siuh*, *Bangbung Hideung* jrrd.. (Jana, 28/09/2022).

Kasenian terbang buhun anu dipikawanoh ku masarakat ngan saukur pikeun sarana hiburan wungkul, padahal di jero kasenian terbang buhun téh ngandung sababaraha unsur ogé ajén-inajén réligi anu can dipikanyaho ku masarakat, katitén tina sajarahna, lagu-laguna jeung prak-prakan ritual dina mintonkeun kasenianna. Salian ti éta, masih kénéh aya sistem kapercayaan ka para karuhun nalika rék mintonkeun ieu kasenian masih kénéh maké sasajén pikeun ngahormat ka para karuhunna. Ku sabab seni terbang can loba anu mikawanoh utamana ngeunaan ajén kaagamaanna, ku kituna perlu tarékah ngawanohkeun kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi ngaliwatan ieu panalungtikan. Sawatara hal nu bakal dianalisis ogé dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngawanohkeun sajarah kamekaran kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi, prak-prakan mintonkeun kasenian terbang

buhun Pusaka Sawargi jeung ajén réligi naon waé nu aya dina ieu kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi.

Kasenian terbang buhun lain saukur pikeun ngébréhkeun rasa senina wungkul, tapi pikeun ngébréhkeun jeung nepikeun émosi kaagamaan anu ngabalukarkeun manusa miboga sipat réligius. Émosi kaagamaan ieu mangrupa geretek dina haté manusa anu karasa ku dirina sorangan nalika keur nyorangan. Sistim kapercayaan masarakat Désa Karangtunggal ogé kawilang masih kénéh nyekel kapercayaan warisan para karuhun. Ku ayana kamekaran jaman, kasenian terbang buhun téh kawilang awam di masarakat Sunda, komo deui masarakat ti luar Sunda. Ku sabab di zaman ayeuna masarakat leuwih mikanyaho jeung mikaresep kana kasenian modern ti batan kasenian buhun. Katitén ku lobana masarakat anu leuwih resep nonton konsér musik pop Indonésia ti batan nonton pintonan kasenian tradisional Sunda.

Saacan ngaguar perkara ajén réligi nu aya dina kasenian terbang buhun, urang guar heula naon ari ajén téh. Ajén mangrupa ide ngeunaan élmu bebeneran nu adil jeung jadi salah sahiji unsur anu ngarojong ayana kabudayaan. Ajén ogé bisa jadi pedoman pikeun manusa méré rasa hormat ka papada manusa, méré hak-hak dasar pribadi, ogé jadi dasar pikeun ngajénan kana hiji pasualan. Ajén inajén anu patali jeung kabudayaan téh diwangun ku sababaraha faktor, di antarana nyaéta ayana faktor adaptasi jeung lingkungan, faktor-faktor sajarah, évolusi sosial ékonomi, ayana kontak jeung kabudayaan séjén, ayana faktor nu ditepikeun di kulawarga, ayana carita rahayat ngeunaan kabudayaan, ayana sistem kapercayaan masarakat ngeunaan hukuman jeung ganjaran, ayana atikan kaagamaan, atikan formal jeung kelompok masarakat. (Liliweri. 2015. kc, 55 - 56).

Salian ti éta ajén ogé jadi pedoman dina kahirupan manusa. Ku ayana ajén, manusa bisa nungtun kabiasaanna di lingkungan imah, lingkungan Sakola, di tempat gawé jeung di tempat séjénna. Ajén ogé bisa méré tanda ka urang nalika rék ngalakukeun hiji hal. Ku ayana ajén, urang bisa ngalenyapan deui naon balukarna upama urang ngalakukeun hiji hal, naha bakal aya pangaruh

anu hadé atawa henteu keur diri sorangan jeung jalma séjén nu aya di sabudeureun urang.

Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta nurutkeun Durkheim (dina Koentjaraningrat, 2015, kc. 157) ajén kaagamaan ngawengku opat komponén di antarana nyaéta émosi kaagamaan, sistem kayakinan, sistem ritual jeung upacara ogé umat atawa wangun sosial masarakat. Patalina antara ajén kaagamaan, sistim kapercayaan jeung kabudayaan téh dihartikeun salaku hal anu alus jeung positif. Kagamaan nyaéta ajaran-ajaran, sistim-sistim anu ngatur tata kaimanan (kayakinan) jeung ibadah ka Gusti Nu Maha Suci ogé aturan-aturan anu patali jeung pergaulan manusa jeung manusa katut lingkunganana. (Marhinjato. 1999. kc, 11)

Salian ti éta, patalina budaya jeung agama nyaéta kapangaruhan ku ayana interaksi manusa jeung kitab nu dianggap salaku pedoman dina kahirupan umat beragama. Faktor kondisi objéktif ngabalukarkeun ayana hubungan antara agama jeung budaya aanu béda-béda. Budaya jeung agama bakal tuluy mekar sajalan jeung ayana kamekaran sajarah dina kondisi objéktif kahirupan panyaturna. (Anshari, 1980. kc, 47-48).

Pamadegan ngeunaan ajén kaagamaan nurutkeun Ulandari (2019. kc, 91) Islam henteu ngalarang budaya masarakat satempat ngamekarkeun jeung ngalaksanakeun sababaraha adat istiadat masarakat salila budayana henteu patukang tonggong jeung syari'at agamana sorangan. Salian ti éta, nurutkeun Ustad Anang dina panalungtikan Ulandari (2019. kc, 92) "Nalika urang nuturkeun tradisi maka urang kedah ningali tur dipandu ku tilu hal minangka tapis tina budaya, anu kahiji nyaéta kayakinan nu mana urang kudu yakin éta mawa bahaya jeung nolak *madhorat* ngan Allah. Kadua, teu meunang ngahambur-hambur harta jeung anu katilu kudu apal tempat, teu meunang ngahiji antara tempat lalaki jeung tempat awéwé.

Ayana tarékah pikeun ngaguar ngeunaan ajén réligi dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi mangrupa salah sahiji cara pikeun ngawanohkeun jeung ngamekarkeun tradisi urang Sunda anu kiwari geus kabangbalérkeun. Ku kituna, dipiharep budaya Sunda tetep nanjeur di buana. Salian ti éta,

kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi anu aya di Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung perlu ditalungtik, lantaran mangrupa salah sahiji hasil budaya anu perlu dipikawanoh ku masarakat mangsa kiwari, kususna nu aya di Tatar Sunda.

Pikeun ngamumulé jeung ngamekarkeun kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi, urang salaku generasi anyar perlu mikawanoh ieu kasenian ku cara diwulangkeun dina pangajaran Sakola. Salian ti éta, tarékah séjénna bisa ngaliwatan budaya pariwisata. Pangajaran basa Sunda di Sakola miboga tujuan pikeun ngajénan jeung nimbulkeun rasa kareueus kana basa jeung sastra Sunda. Hal éta saluyu jeung bahan pangajaran maca nu aya dina Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) ngeunaan maca bahasan budaya.

Ieu panalungtikan diluyukeun kana KIKD. salaku bahan pangajaran nu aya di SMA. Éta hal kaunggel dina pangajaran *Maca Artikel Budaya Sunda* pikeun kelas XII. Kompetensi Inti (KI) 3.5, nyaéta *Menganalisis isi, struktur dan aspek kebahasaan teks artikel berbahasa Sunda*. Kompetensi Dasar (KD) 3.1., nyaéta *Menganalisis isi, struktur dan aspek kebahasaan teks bahasan tradisi Sunda*. (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2013. kc, 40).

Panalungtikan saméméhna anu ngaguar kasenian jeung budaya nyaéta di antarana: “*Ajén Religi Kasenian Gembyung Dangiang Buhun Kampung Cinengah Désa Curug Réndéng Kacamatan Jalan Cagak Kabupatén Subang*” (ku Aep Saepudin 2019). “Kasenian terbang Buhun di Kecamatan Majalaya Kabupatén Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA (Ulikan Éstétika jeung Sémiotika)” (ku Jihan Nur Annisa 2019). “*Ajén Religi Dina Kasenian Hadro di Désa Bojong Kacamatan Bungbulang Kabupatén Bandung (Tilikan Sémiotik)*” (ku Try Permadi 2016). “*Ajén Budaya dina Kasenian Bandréng di Désa Mekarmukti Kacamatan Cilawu Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Maca Kelas XI*” (ku Linda Rusmalinda 2017). “*Ajén Budaya dina Kasenian Gésrék di Désa Garumukti Kacamatan Pamulihan Kabupatén Garut Pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA kelas XII*” (ku Fitri Siti Nurjanah 2016).

Tina sababaraha référénsi panalungtikan di luhur, aya sawatara hal anu jadi pangbéda jeung panalungtikan ieu. Nu kahiji nyaéta ieu panalungtikan leuwih ngajéntrékeun ajén kaagamaan ti batan ajén éstétika ogé sémiotika jeung nu kadua bajal ngaguar leuwih jero kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi nu aya di Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung.

Nilik kana masalah nu geus dipedar di luhur, nu nyusun ngarasa kairut pikeun nalungtik ajén kaagamaan nu aya dina kasenian Terbang Buhun ieu. Ku kituna ieu panalungtikan dijudulan “*Ajén Réligi Kasenian Terbang Buhun Pusaka Sawargi di Kecamatan Paséh Kabupatén Bandung Pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA Kelas XII*”. Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi salah sahiji cara pikeun ngawanohkeun kasenian Terbang Buhun ka masarakat nu aya di Tatar Sunda.

2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta ngeunaan sajarah, ajén kaagamaan, jeung prak-prakan seni terbang anu aya di Désa Karangtunggal Kecamatan Paséh Kabupatén Bandung pikeun dijadikeun bahan pangajaran maca artikel basa Sunda di SMA kelas XII.

2.2 Rumusan Masalah

Masalah anu baris diguar dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun pananya di handap ieu:

- 1) Kumaha prak-prakan jeung naon waé nu kudu ditataharkeun nalika rék mintonkeun kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi?
- 2) Waditra jeung properti naon waé anu digunakeun ku kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi di Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung?
- 3) Ajén réligi naon waé anu aya dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi di Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung?
- 4) Kumaha larapna hasil panalungtikan ieu diadikeun bahan pangajaran maca artikel basa Sunda kelas XII SMA?.

3. Tujuan Panalungtikan

3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngawanohkeun kasenian Terbang Buhun anu aya di Désa Karangtunggal Kecamatan Paséh Kabupatén Bandung. Pikeun bisa dimumulé ku masarakat nu aya di Tatar Sunda jeung dijadikeun bahan pangajaran maca artikel basa Sunda di kelas XII SMA.

3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) Waditra anu digunakeun dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi di Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung;
- 2) Prak-prakan jeung syarat nalika nataharkeun pintonan kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi di Désa Karangtunggal Kecamatan Paséh Kabupatén Bandung;
- 3) Ajén kaagamaan dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi di Désa Karangtunggal, Kecamatan Paséh, Kabupatén Bandung,
- 4) Jadi bahan pangajaran maca artikel basa Sunda di Kelas XII SMA.

4. Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta nambahan kabeungharan panalungtikan budaya. Hasil tina ieu panalungtikan bisa kapaluruh ngeunaan ajén kaagamaan dina ieu kasenian Terbang Buhun Pusaka Sawargi.

4.2 Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun panalungtik bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina paélmuan nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan ajén budaya nu aya dina kasenian terbang buhun, sangkan kahareupna bisa ditalungtik leuwih jero;
- 2) Pikeun masarakat nambahan pangaweruh ngeunaan kabeungharan jeung ulikan ajén-inajén dina budaya nu aya di Tatar Sunda; jeung
- 3) Pikeun mahasiswa/pelajar jadi bahan pustaka dina panalungtikan jeung bahan pangajaran kahareupna.

4.3 Mangpaat Kawijakan

Mangpaat kawijakan tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep ieu kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi téh dijadikeun kasenian nu bisa leuwih nanjeur boh di lingkungan Kabupatén Bandung boh di luar Kabupatén Bandung

4.4 Mangpaat Isu Sosial

Mangpaat isu jeung aksi sosial tina ieu panalungtikan nyaéta dipiharep bisa méré gambaran sarta pangaweruh ka masarakat ngeunaan kasenian terbang buhun jeung ajén kaagamaan dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi nu bisa dilarapkeun dina kahirupan.

5. Raraga Tulisan

BAB I Bubuka, ngawengku kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan.

BAB II Ulikan tiori, medar tiori-tiori nu dupaké dina ieu panalungtikan ngeunaan ajén réligi dina kasenian Terbang Buhun Pusaka Sawargi di Kecamatan Paseh, Kabupatén Bandung.

BAB III Méthode panalungtikan, medar ngeunaan lokasi panalungtikan jeung sumber panalungtikan, desain panalungtikan, méthode panalungtikan, wangenan operasional, instrumént panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung ngolah data.

BAB IV Hasil jeung pedaran, medar ngeunaan ajén réligi dina kasenian terbang buhun Pusaka Sawargi, anu ngawengku opat komponén nyaéta émosi kaagamaan, sistem keyakinan, ritual jeung upacara umat atawa sosial masarakat.

BAB V Kacindekan jeung saran, medar ngeunaan kacindekan tina hasil analisis data anu diguat dina bab IV, implikasi jeung saran atawa rékoméndasi anu dianggap penting pikeun panalungtikan kahareupna.

Chicha Kirani, 2023

AJÉN RÉLIGI DINA KASENIAN TERBANG BUHUN PUSAKA SAWARGI DI KECAMATAN PASÉH KABUPATEN BANDUNGPIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA KELAS XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu